

ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКАЯ ГАЗЕТА ИТУМ-КАЛИНСКОГО МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА

№7 (398), 25 февраля 2021г.

Ведучи

gazeta.veduchi@mail.ru gazeta.veduchi Свободная цена

Р. Кадыров поздравил с Днем защитника Отечества

Глава Чеченской Республики Рамзан Кадыров поздравил россиян с Днем защитника Отечества.

«Это праздник смелых и отважных людей, настоящих мужчин, готовых в любой момент встать на защиту Родины и своего народа. В Чеченской Республике к людям, выбравшим делом жизни почетную и трудную миссию – защиту Отечества, всегда относились с особым уважением. Тысячи чеченцев золотыми буквами вписали свои имена в героическую летопись России, достойно выполняя свой воинский долг», – написал Глава ЧР.

Он отметил, что одной из ярчайших героических личностей является Первый Президент ЧР, Герой России Ахмат-Хаджи Кадыров.



«Он ушел в Праведный мир, защищая наш народ и Отечество от международного терроризма. Его жизнь и уход стали незыблемым примером настоящего мужества, отваги и героизма. Сегодня, руководствуясь примером Ахмата-Хаджи Кадырова, тысячи представителей нашего народа успешно защищают целостность и интересы России на различных рубежах. Их славные подвиги регулярно отмечаются государственными наградами. Я искренне поздравляю Президента РФ – Верховного Главнокомандующего вооруженными силами России Владимира Путина и весь российский народ с Днем защитника Отечества. Желаю мирного неба над головой, успехов, благополучия!», – написал глава региона.

Пресс-служба Главы и Правительства Чеченской Республики

Нохчийн халкъ махкахдаккхаран денца доьзна

Нохчийн Республикин Куьйгалхочун, Россин Турпалхочун Кадыров Рамзанан кхайкхам

Хьомсара доттагIий!

Нохчийн а, гIалгIайн а оьмарехь уггаре а лазаме а, бохаме а деана де ду таханлерниг. Кхузткъа вуьрхIитта шо хьалха, дерриге а халкъаша неIалт аьлла волчу Сталин Иосифан омранца вайн халкъаш адамалла йоцчу зуламан – махках даьхна Сибрех а, Казахстане а дIахьовсоран бала Iовша дийзира. ТаIзар даран и къизалла вайна тIехь лелийра немцойн фашистийн оккупанташца цхьаьна гIуллакхаш дина аьлла харцонца бехкедина. И бахьанехь вайн республикера вуно дукха адамаш хIаллакьхилира. Халкъана тIехь таIзар латтор бен кхин хIумма а олийла дац оцу зуламах. Вайн халкъана тIехь кхоьллинарг харц цIе хиларна, бехк боццушехь, бехке дина хиларна тоьшалла до дуккха а нохчаша Сталинград ларъеш, Ленинградана лаьцна хилла го бостуш, Советийн Союзан гIаланаш, Европа паргIатйоккхуш шайгара стогалла а, майралла а гойтуш, тIемаш бина хиларо. Соьлжа-ГIалин бахархоша йоккха хазна юкъайиллира пачхьалкхан нуьцкъалла чIагIъярна. 2015-чу шарахь Россин Президента Путин Владимира меттахIоттийра историн нийсо, Соьлжа-ГIалина «БIаьхаллин сийлаллин гIала» сийлахь цIе а туьллуш. Цуьнан оцу сацамо совцийра вай цадезарша лелош хилла питанаш, дуьйцуш хилла харц хабарш. Тахана нохчийн халкъ сихха кхуьуш ду. Цхьанаэшшара хьалхахьа доьдуш ду, Россин вежараллин халкъашна юкъахь хьокъала йоллу меттиг дIалоцуш ду. Оцу кхиамашка кхача таро хилла вайн цхьаалла, барт хилар бахьана долуш, вайн юкъарчу Даймехкан зовкхан дуьхьа вай даха а, болх бан а лууш хилар бахьана долуш. Вай цкъа а бицбийр бац оцу къизачу бохамехь кхелхинарш.

Веза а, Сийлахь а волчу АллахIе доьхур ду Сталинан къизалла бахьанехь эгначарах къинхетам бар, уьш декъалбар.

гочдеш пайдаэцна
Нохчийн Республикин Куьйгалхочун а, Правительствон а хьостанах

Кхиам

Итон-Кхаьллан кIошт кхиарна лерина тидам


Кху деношкахь Итон-Кхаьллан кIоштахь дIаяьхьира Нохчийн Республикин Правительствон Председателя Хучиев Муслима куьйгалла до совещани. Цигахь дакъалецира Правительствон декъашхоша – министраша Тагаев Султана, Дааев Хож-Бауддис, Зайпулаев Муслима, и дI.кх. а.

Шен къамелехь М.Хучиевс билгалдаьккхира:

– Вайна ма-хаъара, республикин Куьйгалхочо Кадыров Рамзана шен леринчу тидамехь латтош ду лаьмнийн районаш кхиаран гIуллакх. Тахана вай цхьаьнакхетар а цуьнан тIедиллар – 10-чу секторехь комплексни социально-экономикин кхиаран болх дIабахарна лерина ду. КIошт кхиарна оьшу уггаре а мехала дерг билгалдаккха а, инвестицин проекташ леринчу тидаме эца а, цу тIехь къахега а Iалашо ю вайна хьалха лаьтташ.

Республикин Правительствон куьйгалхочун хаттарна жоп луш дара Итон-Кхаьллан кIоштан администрацин куьйгалхочун Зулаев Хьамидан къамел:

– Тхан бахархойн хьашташ кхочушдан а, церан дахар аттача даккха а Зумсой-Эхк хин 24 метр



тIай оьшу; школал хьалхарчу дешаран декъехь 3 берийн беш оьшу; газ тIеялон биргIанаш яхка еза – Гучум-Кхаьлла - 9км, БугIара -17км, Ведучи -15 км, Зумсой -17км; ярташкахь масех ФАП а, культурин объекташ а оьшу.

Муьлхачу министерствос хIун дакъа лоцур ду лаьмнийн кIоштан эшамаш дIабаха, билгалдаьккхира М.Хучиевс, кхочушдаран хенаш а билгалъехира.

Дерзоран дашехь, М. Хучиевс доккха баркалла элира Нохчийн Республикин Куьйгалхочунна Кадыров Рамзанна а, Нохчийн Республикин Хьалхарчу Президентан, Россин Турпалхочун Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цIарахчу Юкъараллин фондан Президентана Кадырова Айманина а Итон-Кхаьллан кIошт кхиарехь дакъалацарна. Иштта Хьачарара хьехархойн цIа меттахIоттор а, ЧIаьнтахь библиотека яран белхаш а тIелацна Фондо.

Р.САРАЛИЕВ



23-февраль – День защитника Отечества в России

23 февраля отмечается День воинской славы России – День защитника Отечества.

Эта дата установлена Федеральным законом № 32-ФЗ «О днях воинской славы (победных днях) России», принятым Государственной думой и подписанным президентом РФ Б.Ельциным 13 марта 1995 года.

В СССР было принято считать, что 23 февраля 1918 года отряды Красной гвардии одержали свои первые победы под Псковом и Нарвой над регулярными войсками кайзеровской Германии. Эти первые победы и стали «днем рождения Красной Армии».

В 1922 году эта дата была официально объявлена Днем Красной Армии.



Позднее 23 февраля ежегодно отмечался в СССР как всенародный праздник – День Советской Армии и Военно-Морского Флота.

10 февраля 1995 года Государственная Дума РФ приняла Федеральный закон «О днях воинской славы (победных днях) России», в котором дата 23 февраля имела следующее название: «День победы Красной армии над кайзеровскими войсками Германии (1918 год) – День защитников Отечества».

Федеральным законом № 48-ФЗ «О внесении изменения в статью 1 Федерального закона «О днях воинской славы и памятных датах России», принятым 15 апреля 2006года, было установлено, что «Согласно внесенным изменениям день воинской славы России 23 февраля переименован в День защитника Отечества...». Он является официальным выходным днем, и независимо от названия, в этот день всегда чествовали настоящих мужчин — защитников своей Родины.

И.ИСАЕВА

Мы гордимся своими героями

«Это праздник смелых и отважных людей, настоящих мужчин, готовых в любой момент встать на защиту Родины и своего народа» (Р.Кадыров).

Не секрет, что у нашего народа всегда были в почете смелые и отважные люди, как и впрочем, и у других народов, «готовых в любой момент встать на защиту Родины и своего народа», – как подчеркнул Глава республики.

Наверное, в силу своего исторического расположения и развития, чеченский народ всегда нуждался в них. Поэтому они и рождались в чеченских семьях, и их имена становились известны всем. Так, в официальных источниках указывается представители, каких народов и сколько были представлены к званию Герой Советского Союза во время Великой Отечественной войны. Например: русские – 7998ч., украинцы – 2021ч., белорусы – 299 ч. и остальные народы – 984 ч. Мы надеемся, что в последней строке присутствуют наши соотечественники – Магомед Узуев, Ханпаша Нурадилов, Мовлади Висаитов, Хаваджи Магомед-Мерзоев, Ирбайхан Бейбулатов, Канти Абдурохманов, Абухаджи Идрисов, Мовлади Умаров, которым было присвоено звание Героя Советского Союза. Не беда, что не все наши воины получили должных наград, главное, чеченский народ внес неоспоримый вклад как в борьбе с немецким фашизмом, так и в укрепление оборонной мощи страны.

Следует отметить, что военная техника заправлялась на 80% ГСМ (горюче – смазочный материал) наших заводов, а масла для авиации Грозный поставлял – 92%. В каждом селении, ауле, городе Чечни найдется семья, которая гордится своим дедом или отцом, сражавшимся в годы войны на ее ратном поле.

Таким является семья Мегиевых, из Ведучи Итум-Калинского района, которая по праву гордится своим отцом и дедом Мегиевым Мухтаром. К счастью родных, он не погиб на полях сражений, а долго прожил в своей любящей семье и успел рассказать своим потомкам военные истории. И все эти истории помнят и рассказывают друг другу и внуки, и правнуки Мухтара. По рассказу Мегиев Ахмеда, внука Мухтара, его дед родился в 1918 году, в селе Ведучи. Дедушка был грамотный, потому в начале 1937 года молодой коммунист Мегиев Мухтар был направлен на учебу в Высшую партийную школу. Он был еще студентом 3-курса, когда началась мобилизация, и его в числе своих сверстников призвали в ряды Советской Армии. Служил дед в артиллерийских войсках в г. Батуми. С первых же дней дед ушел на войну.

За годы войны, он пережил многое – пришлось увидеть наступления немцев, отбивая атаки врагов убивать их, голодать, мерзнуть, недосыпать, – рассказывает внук Ахмед. – Но никогда не приходилось отступать, бежать или предать. В голове жила мысль: он – солдат, защитник, его цель – победа.

В орденской книжке деда Мухтара записано: «За храбрость, стойкость и мужество, проявленные в борьбе с немецко-фашистскими захватчиками Мягиев Мухтар награжден орденом Отечественной Войны II степени». А в другом документе записано «За доблесть и отвагу в Великой Отечественной войне». Дед Мегиев был дважды ранен на полях сражений. Первое ранение – в плечо. Второе ранение получил в январе 1943 года, наткнулся на немецкую засаду. Начался бой. Многие погибли в этой схватке, а рядовой Мегиев получил ранение в бедро. К счастью, вражеская пуля прошла насквозь. Истекая кровью, обессилев, он сумел поползти в сторону железной дороги. Опять удача, шел небольшой состав, в котором перевозили раненых. Один солдат заметил бойца и остановил поезд. Раненый Мухтар был доставлен в медицинский санитарный батальон. Мегиев Ахмед с гордостью рассказывает про деда, который не жалея жизни прошел войну. И не только его дед, а весь советский народ был сплочен, был дух единства, мужества, бесстрашия. Ахмед задает вопрос: «Что побуждало всех этих людей совершать подвиги?». И несколько секунд спустя, сам же отвечает: «Это, наверное, огромная любовь к Родине, к месту, где ты родился, вырос, жил, живет твоя семья». Ахмед помнит слова дедушки Мухтара: «Мы шли вперед к Победе, мы знали, за что мы воюем, – за нашу огромную страну, за Родину!»

Потому мы гордимся своими героями и память о них всегда жива.

А.АБУЕВА
(из архива газеты)

Турпалхой – вайн махкахой

Летчик-истребителан Имадаев Ахьмадан турпалаллин гIуллакхех лаьцна къеггина дуьйцуш ду Грозный цхьана военкоматехь Iалашъеш йолчу цуьнан летни книжки тIехь. Цу тIехь, ша аьлча, ду цхьана тIамехь Имадаевн истребителан мостагIчун хIордкема дохийна хи буха дахийта ницкъ кхаьчна хиларан хьокъехь дIаяздина йоза. ТIом чекхбаьллачул тIаьхьа а иза дукхазза а билгалвелира авиационни керла техника караерзорехь а, вайн Даймехкан сийлахь дозанаш лардарехь а.

– Со летчик хилира сан воккхахволу ваша Мохьмад бахьана долуш. Цо суна хьехар дира тIеман летчикийн училище деша ваха, сан дешарна тIехь гуттар а тергам а латтабора цо, – элира цкъа соьга Ахьмада, эскарехь гIуллакх дарх лаьцна тхан къамел тасаделлачу хенахь.

– Иза полкан комиссар вара. Амма иза эскаре вахале хьалха а вара изза комиссар, нагахь санна цуьнан граждански гIуллакхех лаьцна аьлча. Мохьмад республикан барамехь комсомольски белхахо, журналист, партийни белхахо вара, аспирантурехь доьшуш вара.

– Доьзалехь а вара иза хьехархо а, хьехамбалархо а. Тхан да цIен партизан а, коммунист а вара, иза вийра бандиташа. Тхан дахарехь кхаьчначу дерригенна а тхо декхарийлахь ду Мохьмадана. Цунна тIаьххье со а, тхан ваша Хьамид а, йижарий Аманат а, Таибат а комсомоле девлира, деша гIиртира. Ткъа ша иза, шен юккъера дешар доццушехь, институте деша вахара.

Иза цига дIаийцира, ша къаьсттана гIуллакх хиларе терра, институтехь дешарца цхьаьна юккъерчу школин программа караерзор тIе а дуьллуш. Мохьмада иза кхочушдира дешаран хьалхарчу шарахь. Цунна къаьсттана дика хаьара математика а, физика а. Цунна дукхабезара оьрсийн мотт а, литература а. Цо тхуна, шен вежаршна а, йижаршна а, гIо дина ца Iаш, амма дукха а, кхечу шен юьртахошна а гIо дора. Ткъа ша иза вайн республикин исторех лаьцна книга язъян ойла йолуш вара.

Цул тIаьхьа Ахьмада суна гайтира тIом а хилале хьалха арадаьллачу газета тIера цхьа кийсик. Цу тIехь хаам бора, Пятигорски мохкбовзаран музейхь XVI-чуй, XVIII-чуй бIешерийн Черкесин исторехула йолу выставка схьайиллина а, Кавказан оцу районан башха карта «музейн Iилманан къоначу белхахочо-комсомольца Имадаев Мохьмада хIоттийна а хилар».

Мацца а сан каракхечира комиссаран Имадаев Мохьмадан кехаташ. Газетан йоццачу очеркехь таро яц цунах дуьззина дийца. Ахьмаде цо яздинчех цхьадерг далор ду ас.

1941-чу шеран октябрехь М.Д. Имадаевс яздора: «Хьоме Ахьмад! Вайн пачхьалкхана хала денош тIехIиттина. Цуьнан бакъболу доттагIий а, кIентий а декхарийлахь бу шаьш уггаре а дикачу агIор гайта. Дагахь латтаде халкъан кица: «ДоттагIий вонехь бевза». Хьо а, хьан накъостий а цкъа а ца бинчу кепара болх бан декхарийлахь бу. ТIаьххьара патарма чекхбаллалц летар ду вай! Цхьаннан хьокъехь – мостагI вохоран хьокъехь бен ойла ма е…»

Хьоме Ахьмад, хьо иштта хирг хиларх со тешна ву. Вайн декхар ду фашизм йохор, Гитлер хIаллаквар... Дагахь латтаде Суворовн дешнаш: «КIилло тIехьахула а воь, ткъа нагахь санна хьо дийна висахь а, тIаккха хьуна я меттиг а, я сий а дац!» Кхин цхьана кехата тIехь вай доьшу: «Массо а хIуманна тIехь онда хила, Ахьмад. Эшамаш а, халонаш а лан хаа а хаа, Iама а Iама, иза чIогIа оьшуш ду РККА-н дикачу командирана».

–Ткъа ша комиссар Имадаев Мохьмад мичахь ву хIинца? – иштта хаттар дира ас сайн доттагIчуьнга. –Билггал суна сайна а ца хаьа иза ма-дарра. Иза вийна Сталинградана юххехь. Муха, мичхьа, мича хьолехь вийна хууш дац. Ас командоване дийхира цунах лаьцна яздар, суна жоп делира иза 1942-чу шеран 4-чу августехь тIепаза вайна, аьлла. Кхин хIумма а дац...

Оха сацам бира комиссарах Имадаевх а, цуьнан дахаран тIаьххьарлерачу денойх а лаьцна дийца таро йолуш долу адамаш лаха. Ас ма-дарра дуьйцур дац и адамаш лоьхуш чIогIа къахьегарх лаьцна, ас эр ду оцу лехарийн жамIхь. Халачу тIамехь чевнаш йина а, тентакваькхина а волу комиссар Имадаев гитлеровцаша лаьцна йийсаре вигира. Мухха а хиънехь а, царна хиира иза мила ву а, шен эскаран декъехь хIун гIуллакх кхочушдеш ву а.

– Коммунист вуй хьо? – хаьттира цуьнга гитлеровцаша иза шаьш веле хьалха.

– Коммунист а, комиссар а ву! – ондда жоп делира цо, автоматашна хьалха корта леккха хьала а ойуш...

В. ЛАВРИЕНКО

(«Ленинан некъ» газет, 11 сентябрь, 1972 шо)

Нохчийн халкъан юкъарчу тезетан – 77 шо

Кху деношкахь тамашийна хийцамаш хила Іаламехь. Сийсара сахиллалц, бІаьста санна, догІа дилхи. Масех де хьалха, кху тІаьххьарчу шерашкахь ца хилла Іаьнан шело хІоьтти, латта гІорий, ло дилли, ша хьаькхи. Буьйнахь ца соцуш, ченах охьаоьгІучу лайх межарг ца балахь а, цунах ца Іебаш, лайлахь керчара самукъадаьлла бераш. АллахІ Деле сагІа дора цара Цуьнан ниІмат. Тахана Іуьйре дІаиккхачхьана а кегийчу чимашца ло догІу. Ца ларорна кхоьруш санна, сиха а, дуькъа а догІу иза. Юьхьанца гул ца ло, бухахь деанчу догІано дашадо, амма ца соццуш охьадиллинчу лайно, эххар а кІайчу шаршонах дІахьарчи дуьне.

Юьртан юкъараллин меттигашкахь дІатоьхна ю таханлерачу дийнан билгалонаш: «23-февраль – День защитника Отечества!». Вайн халкъана



юккъехь даима а сийдарца лоруш хилла шен мохк ларбаран гІуллакх дийриг, цундела и де дагахь латто деза. Бакъду оцу дешнийн билгало гича тоьуш ду цу дийнахь вайн халкъ махках даккхар диц ца дан а. Хьалхарчу йозано шолгІаниг диц ца долуьйту, нагахь диц деллехь а дага доуьйту – таханлераниг нохчийн халкъан юкъарчу тезетан де хилар.

77 шо кхочу тахана и тезет хІоьттина. Вайн дозалла ду республикин Куьйгалхочун тидамехь и де хилам хилар а, цо цунах лаьцна алар а. Дала деллачу диканах ду иза.

Кхин дукха а ца бисина и де дага догІурш. Амма и де гиначара дийцинарш, цигахь хилча санна, хаьа царна тІекхиъначарна. Шайн халкъан иэсах хаьддарш ца хилийта, тІаьхьарчу тІаьхьенашна и дуьсийла а лаарна, даладо оха лахара йозанаш.

Т.АЛИЕВА

Дог ца хьоьсту ойланаш

Хийла ломахь ден чурт дисна,
КІантах тийжа нана йисна,
Дайн хІусамаш яьсса йисна,
Дахар, хьо ма херахь дисна.

Со техкийна мерза ага,
Генна пана-новкъахь дисна,
Вагона чохь новкъа хилла,
Нанас корах аратесна.

Шийла Сибрех йицъялале,
Деган чевнийн муо берзале,
Хилларг диццеш, кхаьчна зама,
Довла дезаш цІера ара.

Къизаллин чам ондда лайна,
Вай ца дала арадевлла.
Ма ца лало йоьлхуш нана,
ХІай дуьне хьо, самадала!

Маьрша дахар ма гатдина,
Берд харцийна, беш йохийна,
Сан бераллин аьрхачу некъех,
Безам эца лар ца йитна.

Кхоьруш, эгош бераш дисна,
Царна боьлхуш наной бисна,
Ведча вала некъ ца битна,
Дикане даха дог ца дисна.

Хецна даьхни, цІа-кхерч дитна,
Йогуш хІусмаш, бахам битна,
Есачу юьртахь жІалеш угІуш,
Кхерчашна букъ тоха дийза.

Сан миска дог ма гІелделла,
Коьртехь гІайгІа ма язъелла,
Юхайоьрзур йоцу хенаш,
Муха ловр-те хеназа хаьддарш?

Тхан дай баьхна хьоме латта,
Хьо-м доьналлехь ондда лаьтта.
Тхан вежарийн къиза чевнаш,
Текхнарг, лайнарг хьо ду латта.

Нана, дада, хьоме ваша,
АллахІ Дала декъалдойла.
Кху дуьненахь лайна гатто,
Эхартана пайдехь йойла.

Я АллахІ, Ахь собар лолахь,
Ийманах ма дохаделахь,
Ахь кхоьллина миска синош,
Ялсамане дерзаделахь.

Маржа яІ, сан мерза ага,
Хьо даггара маракъовла,
Хьуна елха, хьоьца яга,
Хьоьца бекъа лайна бала…

З.ЯСКИЕВА

Иэс

Яхь йолу Балибат

Боккъал а доьналла долчу зударех цхьаъ ю Итум-Кхаьллара яхархо Закриева Балибат. ТІехьаьжна цхьа экама хеташ хиллехь а, амма тІекхаьчначу халонашна къера ца хуьлуш, АллахІ Деле шена гІо а доьхуш, чекхъяьлла иза шен атта ца хиллачу дахарехь.

Закриева Балибат дуьненчу яьлла Итум-Кхаьлларчу Муха-Мохк олучу меттехь МуртазалиевгІеран Акин а, Язин а доьзалехь 1933-чу шарахь. Виъ ваша а, ши йиша а яра цуьнан. Цунна дика дагадогІу вайн дерриге а халкъана доьхна деана хилла долу 1944-чу шеран чиллин беттан (февраль) 23-гІа де. ЦхьайтталгІа шо долуш бен яцара иза хІетахь. Амма оцу дийнахь Іаьвшина йолу къаьхьалла кхуьнан сих а, дегІах а чекх а йолуш, тоьира кхуьнан дерриге а дахарна.

Балибатна дагадогІу, «Студебеккер» олучу киралелочу машен тІе боьттира новкъа баккха кхара шайца схьаэцна болу сал-пал. ХІорш, шайн юьртахошца, кхечу машена тІе хьалабехира. Соьлжа-ГІала Іалашо а лаьцна, дІаюьйлаелира машенаш. Аьчган некъан вокзале схьакхаьчча, кхеран «бахамех» цхьадолу хІума юха ца делира салташа.

– Новкъа баккха тхан дас бийна хиллачу аьттан жижиг цхьа дика схьаделира тхуна, – дийцира йоккхачу стага. – КхидІа тхан некъ даьхни дІасалелочу цІерпошта тІехь хилира. Зударий а, божарий а цхьана вагонаш чохь хиларо вуно ницкъ бора. Ала деза, де долуш а, хІуманна каде хиларна а билгал хилла ву тхан да. Иза тохавелла, цхьацца доьхьалонаш йира зударшна а, божаршна а цхьаьна некъ бар бегІийла хир долуш. Диг а, херх а, иштта кхийолу х1ума а шеца схьаэцнера цо. Бакъду, шелоно а, мацалло кхоччуш гІело йора. Салташа цхьа жимма коча чорпа а, цхьа цуьрриг баьпгах хІума а лора тхуна. Халонашна тоха са а ца хуьлий, лей дІабовлура къаной а, кегий бераш а. ЦІерпошт сецначохь, декъий охьа чу а дохий, лай кІел къайладохура салташа. Иштта цхьана кІирнах некъ бира оха. Казахстанерчу Султанби олучу цхьана меттехь охьадиссийра тхо. Ишкол хиллачу йоьхначу гІишлонехь Іен дийзира цхьана кІирнах. Ур-атталла ЛартІехь тхов а, я неІ-кор а дацара. Чоьнаш гобаькхина чу мох хьоькхуш хиларна, сонешкахь дІатарлора тхо. Иштта цхьана кІирнах хан текхначул тІаьхьа, цхьана жимачу хІусам чу дІатардира. Цул сов, Іедало етт а белира тхуна.

Ас билгал ма-даккхара, доьналла долуш стаг вара тхан да. Тхан нана а оьций, воьдий аренашкара дуга а, кІа а, иштта кхидолу ялта а лахьадора. Цу тІе тхоьх къахеташ хуьлура цигара казахаш а.



Амма тІехІиттинчу халонаша дІа ца тосура хІорш. Цхьана юкъана чІогІа цомгаш хилира кхеран нана. Цу тІе кхеран етт а, кхидолу хІума а лачкъийра тІедаьхкинчу кхечу къомах болчу наха.

Дуккха а вайнехан балар хилира Султанбихь. Лешболчарна юкъахь дуккха а бераш хуьлура, де-ненан дан амал доцуш. Белларш дІабухкуш дакъалоцура Балибатан дас-нанас а.

Делахь а массо а хенахь цхьана эшарехь ца лаьтта хІумма а. Жимжима цхьана хорше дерза доладелира кхеран дахар а. Кызылорда олучу гІала Іе дІабахара МуртазалиевгІар. Цигахь кІора болчохь ха дан, балха вахара Аки.

Иза боккха хилам бара Акин доьзалехь. ТІаьхьо шен йоІ Балибат а меттигерчу больницан инфекционни отделене балха дІахІоттийра цо. Леррина нохчашна схьайиллина яра и отделени.

– Балха дІахІотточу хенахь 13 шо дуьзна дацара сан, – боху Балибата. – Амма тхан ден аьтто хилира оьшуш долу документ даккха. Оцу больницехь 13 шарахь болх бира ас. Маха тоха а, чевнна тІехь дан дезарг а дина, иза дІаехка а Іемира суна.

Шен къамелехь Балибата билгал ма-даккхара, Кызылордахь Іашбехаш, казахаш боцурш, кхидолу къаьмнаш а дара. Вовшашца сийларам болуш, бертахь дехара уьш.

Кызылордахь Іалавди цІе йолчу жимачу стагаца цхьаьна кхоллам-беара Балибатан. Хийрачу махкахь дуненчу делира кхеран хьалхара кхо бер. Муьлххачу нанна хуур ду шен доьзалхочун вон гарал а хала хІумма а дац кху дуьненчохь.

Иштта ши шо долчу шен йоьІан ялар лан дийзира кхуьнан.

Шен Даймахка цІайирзинчул тІаьхьа кхин а кхо кІант валар лайна цо. Ялхийтта шо долу кІант Шарпудди говро чов йина, вийра цуьнан. И бохам лайна цхьа бутт баьлча, цамгарх кхелхира 24 шо долу доьзалехь уггаре воккхах волу кІант Балавди. Диъ шо хьалха некъан бохамех кхелира кІант Сайпудди а.

Тахана шайн нанна чу садиллина ву цуьнан ши кІант Бадрудди а, Нажмудди а. Цул сов, дуккха а берийн бераш ду йоккхачу стеган. Оьшучохь кхунна орцахь бовла кийча бу уьш муьлххачу хенахь.

Доллучун тІе къона йолчу хенахь дуьйна схьа онкологин цамгар ловш ю Балибат. И ун шех кхетар бахьана долуш, дукха хьалхе дуьйна шен цергаш йоцуш ю иза. Иштта операциш яр бахьана долуш, шен хила еза кеп йоьхна ду Балибатан юхь-сибат а, амма цкъа йоьхна а, йоьлхуш а яц.

Дала Балибат санна яхь а, доьналла а долу зударий ма эшабойла вайна.

Элихан ДАВЛЕТБАЕВ

Есть такая профессия – Родину защищать

В общеобразовательных учреждениях района прошли мероприятия, посвященные Дню защитника Отечества.



Проведенные классные часы, беседы, конкурсы были направлены на развитие интереса детей к истории Отечества, формирование представления об армии, о воинах, охраняющих нашу Родину.

Как рассказала заместитель директора по воспитательной работе Итум-Калинской СОШ Яха Рахмаева, эти мероприятия проведены с целью ознакомления учащихся с историей возникновения праздника, ознакомления детей с традициями празднования Дня защитника.

– Немало мероприятий у нас прошло в духе соревнования среди учащихся, – рассказала Я.Рахмаева, – поэтому среди участников были и победители. Так, в конкурсе «А нука, горцы» первое место завоевал Ахмед Махаев, вторым был – Аюб Шахбулатов и третьим – Мовсар Асхабов.

Нами также организована торжественная линейка для всех учащихся школы, где были подведены итоги конкурсов и чествованы победители. А члены военно-патриотического клуба «Горцы» возложили живые цветы к мемориалу «Никто не забыт, ничто не забыто».

А как рассказала директор Ушкалойской СОШ Залина Султанова в их школе также уделено пристальное внимание празднованию Дня защитника Отечества, с 18 по 22 февраля ими проведены классные часы «Наши защитники», «Память о героях не уйдет в забвенье…», «Живи и помни», с учащимися 1-10 классов. С учащимися 5-7 классов проведен конкурс рисунков; проведена книжная выставка «Защитники Отечества»; с учащимися 8-10 классов проведен урок мужества, посвященный Героям России «Остались навсегда молодыми», а с учащимися 3-5 классов – конкурс «А ну-ка, мальчики!». Главная цель данных мероприятий – развитие интереса у подрастающего поколения к историческому прошлому своего государства, воспитанию у них чувство патриотизма, гордости за свою страну, за свой героический народ.

С.АСТАМИРОВА



В России продолжает снижаться количество заболевших COVID-

В России продолжают фиксировать менее 15 тыс. случаев заражения новой коронавирусной инфекцией. За минувшие сутки их число составило 14 185, сообщили в оперативном штабе по борьбе с распространением инфекции



Это минимальный показатель с середины октября. Темп прироста снизился с 0,37 до 0,35 процента, у 11,2 процента заболевших инфекция протекает бессимптомно. Умерли 430 человек, выздоровели 15 194.

Больше всего новых пациентов в Москве (1559, накануне было 1963), Санкт-Петербурге (1099, днем ранее — 1130) и Подмосковье (828); меньше всего в Еврейской автономии (пять), Туве (четыре) и на Чукотке (два).

Общее число заразившихся коронавирусом в России достигло 4 071 883. Умерли за все время 80 126 человек, вылечились — 3 593 101. Во всем мире, по последним данным ВОЗ, насчитывается более 107,8 миллиона инфицированных. Наиболее подвержены инфекции оказались Соединенные Штаты, Индия, Бразилия и Великобритания. Россия в этом списке занимает пятое место, опережая Францию, Испанию, Италию, Турцию, Германию, Колумбию и Аргентину.

ИА «Грозный-информ»

Росреестр

Обновлены требования к графическому описанию местоположения границ публичного сервитута

Приказом Росреестра от 13.01.2021 №11/0004 «Об установлении требований к графическому описанию местоположения границ публичного сервитута, точности определения координат характерных точек границ публичного сервитута, формату электронного документа, содержащего указанные сведения» обновлены требования к графическому описанию местоположения границ публичного сервитута, точности определения координат характерных точек границ публичного сервитута, формату электронного документа, содержащего указанные сведения.

Графическое описание местоположения границ публичного сервитута составляется с использованием сведений кадастровых планов территорий, единой электронной картографической основы и иных материалов, содержащихся в государственных фондах пространственных данных, а также данных, полученных по результатам работ по определению местоположения границ публичного сервитута в соответствии с законодательством Российской Федерации, и состоит из схемы расположения границ публичного сервитута и описания границ публичного сервитута, содержащего координаты характерных точек границ публичного сервитута.

Приказ вступает в силу с даты вступления в силу приказа Минэкономразвития России о признании утратившим силу аналогичного Приказа Минэкономразвития России от 10.10.2018 № 541.

А.Л. ШАИПОВ
заместитель руководителя Управления Росреестра по Чеченской Республике

Правопорядок

Месячник сплочения воинских коллективов

В войсках поднадзорных 319 военной прокуратуре гарнизона проводится месячник сплочения воинских коллективов.

В феврале 2021 года в войсковой части 65384 проводятся мероприятия по сплочению воинских коллективов и предупреждению нарушений уставных правил взаимоотношений между военнослужащими, в которых, совместно с командованием, принимают участие работники 319 военной прокуратуры.

Особое внимание в ходе встреч военных прокуроров с военнослужащими по призыву уделяется вопросам обеспечения безопасных условий военной службы и укрепления морально-психологического состояния воинских коллективов.

Кроме того, в рамках недели (15-21 февраля) и единого дня (19 февраля)

правовых знаний военный прокурор проведет мероприятия (лекции, беседы, круглые столы, вечера вопросов и ответов), направленные на укрепление правопорядка, предупреждение происшествий, преступлений, дисциплинарных проступков, связанных с нарушением уставных правил взаимоотношений между военнослужащими.

Такие мероприятия станут важным элементом совместной целенаправленной работы 319 военной прокуратуры и командования по обеспечению правопорядка и укреплению воинской дисциплины в войсках.

Источник: 319 военная прокуратура гарнизона Южного военного округа

Дешар

ЖамIан сочинени

Школин 11-чу классийн дешархоша хьалха оханан (апрель) беттан 5-чу дийнахь язъеш хилла йолу жамIан сочинени 12-чу дийнахь язъяйта дагахь ю Россин Федерацин серлонан министерство. Ткъа кхитIе а луш йолу хан хийца ойла ю.

Масала, оханан (апрель) беттан 21-чу дийнера хIутосург (май) беттан 5-чу дийне кхаччалц хилла йолу хан, хIутосург беттан 5-чу дийнера оццу беттан беттан 19-чу дийне кхаччалц а еш. Пачхьалкхан цхьааллин экзамен дIаяла бакъо луш ю жамIан сочинени. Ткъа юьйцуш йолу Пачхьалкхан цхьааллин экзаменаш дIаяларан коьрта мур хIутосург (май) беттан 31-чу дийнера мангалан (июль) беттан 2-чу дийне кхаччалц лаьттар бу, кхитIе а луш йолчу хенан мур мангалан беттан 12-чу дийнера 17-чу дийне кхаччалц хир бу. Дешаран лакхарчу заведенешка деша ца боьлхучара пачхьалкхан арахецаран эказаменаш бен дIалур яц.

З.ХИЗИРОВА

Газета «Ведучи»
Главный редактор
Т.А.САРАЛИЕВА
Газета освещает события, происходящие в Итум-Калинском муниципальном районе Чеченской Республики

Учредитель: Администрация Итум-Калинского муниципального района
Адрес учредителя/издателя: 366404, Чеченская Республика, Итум-Калинский район, с.Итум-Кали, ул. А-Х.Кадырова, д.14
Газета выходит 4 раза в месяц

Газета зарегистрирована Управлением федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 20-00074 от 01 февраля 2013 г.

Газета набрана и сверстана на компьютерной базе редакции газеты "Ведучи".
Адрес редакции: 364014, ЧР, г. Грозный, ул.Н.А.Назарбаева, 92
тел.: 8 (938) 893-04-10

Отпечатана в ФГУП ИПК "Грозненский рабочий"
Адрес: г.Грозный, ул.Интернациональная, 12/35
Подписано в печать: 24.02. 2021.
по графику в 18.00, по факту в 16. 00
Тираж - 1000 экз. Заказ №